


TUNGTUNAN PRAKTEK

# MIARA LAUK DINA KARAMBA



Tungtunan Praktek

# **MIARA LAUK DINA KARAMBA**

Dikaluarkeun ku :

DIKALUARKEUN KU :  
CONSULTING SERVICES FOR  
DEVELOPMENT OF AQUACULTURE  
AND FISHERIES ACTIVITIES FOR  
RESETTLEMENT OF FAMILIES  
FROM THE SAGULING and CIRATA  
RESERVOIR

Kalawan gawe babarengan

PLN - IOE - UNPAD - ICLARM

NO. PJO 39 /PST /86  
TANGGAL : 23 JANUARI 1986  
LOAN IBRD NO. 2300 IND.

Tragically, many people

# YAHOO! MAMA MUSIC MAGAZINE



DIGITAL MARKETING  
CONSULTING  
DEVELOPMENT  
AND DESIGN ACROSS  
BEST-SELLING APPS  
FROM THE AGILE INNOVATION  
RESERVOIR

Karen Gosselin


PLN-105 - UNPAID ADVICE

NO. 100 - BEING  
IMAGEABLE  
LAW AND NO



I. Naon paedahna melak lauk ?

Nu loba dahar lauk cai pasti sehat jeung kuat, oge moal geringan.



Barudak tereh galede jeung serehat. Ulah sangka, budak nu cacingan  
lain kulantaran dibere lauk cai, eta mah akibat cai atawa kadaharan  
anu teu beresih.



Di pasar mana bae oge lauk cai, saperti lauk emas, mujaer, taraban dst,  
bisa dibeuli kalawan murah jeung gampang.




Kulawarga nu biasa dahar jeung lauk cai pasti sehat jeung gumbira. Usum hahajatan digedekeun silih asaan masakan lauk cai.



## II. Melak lauk Sistim Karamba

Kauntunganana :


1. Babari dijieunna
2. Waragadna murah
3. Bisa diurus rereongan ku tiluan atawa opatan
4. Babari melakna
5. Babari marabna
6. Babari ngalana
7. Tereh gede.




**Awi mangrupakeun bahan pokok pikeun nyieun karamba, nyieun karamba ku awi gampang pisan carana.**



Karamba nu dijieuun sacara rereongan nu geus anggeus rek mimiti diasup-  
keun ka cai dibendungan.



Karamba ukuran  $4 \times 2,5 \times 1,75 \text{ M}^3$  dipelakan binih lauk ukuran dua/tilu ramo (50 gram), lobana kira-kira 700 siki atawa 35 kg.



**Parab lauk emas mangrupa pelet, diawurkeun kalawan make aturan  
anu geus ditangtukeun.**




Dina jero 90 atawa 120 poe lauk emas nu dipelak dina karamba geus  
meujeuhna diala.






sin deus alangalungkuwun



Sabagian gede lauk rek dijual ka pasar, sabagian deui rek dibagikeun ka anggota kelompok nu miara pikeun dahareun.




Duit hasil ngajual lauk, sawareh dipake meuli deui binih lauk, sawarehna deui dibagikeun kaanggota kelompok pikeun kaperluan masing-masing.

	AWI GOMBONG
	ERAM KAWAT
	JARING
	TALI PLASTIK
	PAKU
	KAI


III. Bahanna : Sabagian bahan bisa dibeuli ditempat urang jeung sabagian deui bisa dibeuli dikota.




Awi dibeulah 4 atawa 6 pikeun tutup lolongkrang karamba. Gedena lolongkrang kira-kira teu bisa diponcoran binih lauk tea.




Lawang karamba make panto nu bisa dikonci pikeun ngajaga kamanan.




Dadasar karamba kaayaanana kudu leuwih kerep, sabab bisi parab nu tau kasantok lauk moncor kapiceun ka handap.



Ukuran jerona karamba tina beungeut cai.




Pikeun ngambangkeun karamba, jaba tikudu make dreum, oge bisa ku  
rakit awi guluntungan.




**IV. Tempat Merenahkeun Karamba nu hade nyaeta kudu :**

1. Ditempat negrak
2. Ditempat deukeut ka imah
3. Ditempat nu jero
4. Ditempat nu bakal kasorong ku ombak cai bersih nu katiup angin.




### Kudu dicegah ulah :

1. Nempatkeun karamba dinu deet.
2. Loba runtah/kokotor deukeut karamba.
3. Teu ka tebak angin.
4. Ulah nempatkeun karamba kurang ti 5 unit sagundukna.
5. Lauk nü ditempatkeun ditempat kasebut diluhur bakal garering sarta bisa terus paraeh.



Nempatkeun karamba kudu :


1. Anggangna 2 meter
2. Di antara lolongkrangna bisa diliwatan parahu.
3. Di antara lolongkrangna (ombak) arus cai nu katebak angin kudu bisa liwat.



Rupa-rupa lauk nu bisa dipiara dina karamba.



V. Cara mawa jeung melak lauk Emas dina karamba.  
Umumna binih lauk emas laku pisan didaerah urang.




1. Unggal karamba dipelakan 35kg atawa 700 siki lauk emas nu gedena dua ramo atawa beuratna 50 gram.
2. Mawa binih lauk dina kantong plastik nu dieusi Zat Asam.



A jeniteng aman, jeniteng quaran dedek, jeniteng fikir, aman, jeniteng kacida, aman, jeniteng  
**Zat Asam perlu pisan keur hirup lauk dina waktu nu kacida pondokna.**



Lauk bakal kuat dibawa dijero perjalanan, sabab cukup zat asam keur napas maranehna.




Lamun suhu cai naek (jadi leuwih panas) Lauk bakal paraeh.



Memeh lauk dipelakeun dina karamba, kudu di keueum heula dina gigireun karamba nu rek dieusian lilana 15 -- 20 menit.



Sanggeus dikeueum, kakara binih lauk diasupkeun kana jero karamba.




Dina jero dua poe lilana binih lauk dina karamba kudu diantep ulah  
diganggu, ngarah betaheun jeung kasehatanana pulih deui.




**Cara Maraban :**


**Lamu tutup karamba dibuka, lauk maruncul pating karocepat, eta tandana lauk lapar. Parab bisa dimimitian diawurkeun sing nyabar.**



Urang perlu sirib, boboko, timbangan jeung parab lauk.




Urang kudu nyaho loba jeung beuratna lauk nu di parab dina karamba.




Dina jero 2 (dua) minggu, parab ditambah 2 kg sapoena.

Tabel


Minggu	Maraban lauk
0	2
2	4
4	6
6	8
8	10
10	12
12	14
14	16
16	18



Eta tabel maraban lauk jero 2 minggu kudu dipake. Sanggeus 2 minggu, pikeun saterusna bisa nyieun parab ku sorangan.




**Maraban lauk dina karamba tilu kali sapoe isuk-isuk, baurang jeung pasosore.**



Lobana maraban :


Isuk-isuk satengah takeran, beurang jeung pasosore sarua nya kitu keneh.




Lamun teu diparaban dina jero sapoe, lauk bakal leuleus jeung begang.



**Sanggeus umur lauk 3 – 4 bulan bisa diala sara bisa terus dijual ka pasar.**



Usahakeun supaya lauk nu rek dijual tetep hirup, sabab harga lauk hirup leuwih mahal.



Supaya lauk teu mabok waktu diala, ngalana kudu isuk-isuk. Lauk beunang ngala wadahan kana kantong plastik anu geus dieusi cai atawa kana dreum nu aya tutupan.



**Patani nu melak lauk dina karamba nu geus hasil ningkatkeun kahirupanana ku jalan nambah pakasaban budidaya Lauk Emas dina karamba.**



Ulah poho mantuan batur salembur pikeun ngaronjatkeun usahana. Sing akur jeung batur salembur supaya daek campur diajar melak lauk dina karamba.

DIGAMBAR :  
TRYA YUDHANTARA.  
LEMBANG - BANDUNG